

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar a) métode panalungtikan, b) désain panalungtikan, c) sumber data, d) téhnik ngumpulkeun data, e) instrumen panalungtikan, sarta f) téhnik ngolah data.

3.1 Métode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Pamarekan kuantitatif ngagunakeun rumus, angka anu bisa diukur ti mimiti ngumpulkeun data nepi ka bisa ngahasilkeun hiji kacindekan tina kelas ékspérimén anu dibéré métode husus kalawan henteu ngagunakeun kelas kontrol. Dina studi ékspérimén disebutkeun yén panalungtik méré perlakuan husus kana kelas atawa objék anu ditalungtik..

3.2 Désain Panalungtikan

Anapaon désain dina ieu panalungtikan ngagunakeun *pretest-treatment-posttest* atawa disebut ogé *one grup pretest-posttest design*, nyaéta désain digunakeun ku dua kali tés. Tés awal (O1) anu dilaksanakeun saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* pikeun mikanyaho kamampuh awal nulis carita pondok siswa di kelas XI MIPA 1 (*pretest*), sedengkeun tés ahir (O2) dilaksanakeun sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* pikeun mikanyaho kamampuh ahir nulis carita pondok siswa di kelas XI MIPA 1 (*posttest*).

Hasil perlakuan (*treatment*), bisa katitén leuwih akurat, ku sabab bisa kapaluruh sanggeus ngabandingkeun hasil saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*. Ieu désain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Désain Panalungtikan

| | | |
|----|---|----|
| O1 | X | O2 |
|----|---|----|

(Arikunto, 2013)

Keterangan:

- O1 = *Pretest* atawa kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop*
- X = *Treatment* atawa dilaksanakeunna pangajaran nulis carita pondok modél *Writing Workshop*
- O2 = *Posttest* atawa kamampuh nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* (Arikunto, 2013)

3.3 Sumber Data

Sumber data panaungtikan nyaéta subjék anu ditalungtik sacara gurat badag nya eta ieu di handap dumasar kana pamadegan Arikunto (2013).


1. Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
2. Tempat (*place*), nyaéta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objek pikeun métode *observasi*.
3. Alat éléktronik atau dokumén (*paper*), nyaéta sumber data nu mangrupa alat pikeun mérékeun data atau bahan.
4. Ku kituna dina ieu panalungtikan sumber datana nyaéta siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

Tabél 3.2
Sumber Data Kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung

| Kelas | Wanda Boga | Jumlah |
|---------------|------------|-----------|
| XI MIPA 1 | Lalaki | 8 |
| | Awéwé | 13 |
| Jumlah | | 21 |

3.4 Prosedur Panalungtikan

Hasil nu hadé gumantung ogé kana prosédur atawa alur panalungtikan nu disusun. Ku kituna prosédur panalungtikan baris dilaksanakeun tur dijéntékeun dina wangun ieu di handap.



Bagan 3.1
Prosédur Panalungtikan

Dumasar bagan di luhur katitén yén panalungtikan baris dilaksanakeun ngaliwatan prosedur pamarekan kuantitatif kalawan métode studi kuasi ékspérimén ka kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung. Ti mimiti ngarumuskeun masalah anu karandapan hususna dina matéri carita pondok, tuluy siswa baris ngalaksanakeun tés awal anu disebut *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* sa jauh mana. Satuluyuna, dilaksanakeun perlakuan husus ka kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung (*treatment*). Sabada *treatment*, baris dilaksanakeun tés ahir anu disebut *posttest* pikeun mikayhao ngaronjatna kamampuh nulis carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*. Satuluyuna hasil *pretest* jeung *posttest* dianalisis kalawan remen nepi ka nimukeun kacindekkan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés tinulis. Téhnik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop* dina pangajaran nulis carita pondok. Tés awal (*pretest*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunaken modél *Writing Workshop*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*. Téhnik anu digunakeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data téh ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap.

- a. Siswa dititah kaluar rohangan pikeun néangan inspirasi anu satulyna milih topik pikeun dimekarkeun jadi hiji karangan téks carita pondok.
- b. Siswa mekarkeun hiji karangka téks carita pondok jadi hiji kalimah sarta paragraf anu dibimbing ku guru.
- c. Siswa ngabenerkeun kasalahan saluyu jeung arahan ti guru.
- d. Siswa ngabenerkeun deui kasalahan karangan téks carita pondok leuwih nyoko ka na mékanisme éjahan tur diksina sangkan hasil ngahasilkeun hasil tulisan karangan nu hadé.
- e. Siswa diperedih nulis deui hasil tina révisina tuluy di pilih ku guru hasil anu pang alusna sangkan dipublikasi atawa dibacakeun di hareupeun kelas.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar kerja. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal anu can dibéré perlakuan (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) nu dibéré perlakuan ngagunakeun modél *Writing Workshop*. Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijentrékeun di handap.

Instrumen Tés

1. Pék ku hidep jieun hiji karangan Carita Pondok kalawan téma sakola atawa kahirupan di sabudeureun urang!
2. Kadé perhatikeun struktur caritana sarta kaédah kabasaanna kudu bener tur merenah !
3. Karangan Carita Pondok minimal tilu paragraf !

Lembar Kerja Nulis Carita Pondok

| | | |
|------------|---|-------|
| No. Absen | : | |
| Kelas | : | |
| Pangajaran | : | |
| Sakola | : | |

3.7 Téhnik Analisis Data

Data nu baris diolah jeung analisis nyaéta data kamampuh nulis carita pondok tina hasil sameméh ngagunakeun modél *Writing Workshop (pretest)* jeung data kamampuh sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop (posttest)*. Léngkah-léngkah nu baris dipigawé diantarana saperti ieu di handap.

- a) Ngumpulkeun lembar kerja *pretest* jeung *posttest*.
- b) Mariksa hasil lembar kerja *pretest* jeung *posttest* dumasar kana aspék penilaian di handap.

Tabél 3.3
Kritéria Meunteun Nulis Carita Pondok

| Aspék penilaian | Skor | Kritéria |
|----------------------------|------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Kasaluyuan téma jeung eusi | 1 | kurang pisan (judul jeung eusi carpon teu saluyu jeung téma) |
| | 2 | kurang (judul jeung eusi carpon kurang saluyu jeung téma) |
| | 3 | sedeng (judul jeung eusi carpon cukup saluyu jeung téma) |
| | 4 | alus (judul jeung eusi carpon saluyu jeung téma) |
| | 5 | Alus pisan (judul geus alus sarta eusi carpon hadé saluyu pisan jeung téma) |
| Organisasi eusi | 1 | Kurang pisan (eusi teu dimekarkeun, strukturna teu sistematis, antar paragraf jeung kalimahna na teu raket) |
| | 2 | Kurang (eusi dimekarkeun kurang jelas, strukturna kurang sistematis, antar paragraf jeung kalimahna na kurang raket) |
| | 3 | Sedeng (eusi carpon cukup dimekarkeun, struktur cukup sistematis, antar paragraf jeung kalimahna na rada raket). |
| | 4 | Alus (eusi dimekarkeun jelas, struktur sistematis, antar paragraf jeung kalimahna raket). |
| | 5 | Alus pisan (eusi carpon hadé jeung dimekarkeun jelas, ngaruntuy ti awal nepi ka ahir atawa sistematis, antar paragraf jeung kalimahna raket pisan). |

| Aspék penilaian | Skor | Kritéria |
|------------------------|-------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Éjahan | 1 | Kurang pisan (kurang pisan ngawasa kana kaédah nulis sarta loba kasalahan) |
| | 2 | Kurang (kurang ngawasa kana kaédah nulis sarta loba kasalahan) |
| | 3 | Sedeng (cukup ngawasa kana kaédah nulis sarta aya kasalahan) |
| | 4 | Alus (ngawasa kana kaédah nulis sarta masih aya kasalahan) |
| | 5 | Alus pisan (ngawasa pisan kana kaédah nulis sarta euweuh kasalahan) |
| Diksi | 1 | Kurang pisan (kurang pisan dina milih kekecapan nu merenah, loba pisan kamalayan) |
| | 2 | Kurang (kurang dina milih kekecapan nu merenah, loba kamalayan) |
| | 3 | Sedeng (ngagunakeun pilihan kecap nu basajan, saeutik basa nu kamalayan) |
| | 4 | alus (ngagunakeun pilihan kecap nu merenah jeung basajan) |
| | 5 | Alus pisan (ngagunakeun pilihan kecap nu hadé, alus tur merenah jeung teu kamalayan) |
| Makéna Basa | 1 | Kurang pisan (basa nu dipaké teu maké basa sunda loma jeung teu merenah) |
| | 2 | Kurang (basa nu dipaké teu maké basa sunda loma jeung teu merenah) |
| | 3 | Sedeng (basa nu dipaké nyaéta basa sunda loma tapi aya kénéh basa nu kurang merenah) |
| | 4 | Alus (basa nu dipaké nyaéta basa sunda loma, saeutik basa nu kurang merenah) |
| | 5 | Alus pisan (basa nu dipaké geus ngagunakeun basa sunda loma nu merenah jeung babari dipikaharti) |

| Aspék penilaian | Skor | Kritéria |
|-------------------|------|----------------------------------------------------------------------------------------|
| Karapihan Tulisan | 1 | Kurang pisan (teu ngawasa kana aturan tata tulis, loba kasalahan, tulisan teu kabaca) |
| | 2 | Kurang (kurang ngawasa kana aturan tata tulis, loba kasalahan, tulisan rada kabaca) |
| | 3 | Cukup (cukup ngawasa kana aturan tata tulis, masih aya kasalahan, tulisan rada kabaca) |
| | 4 | Alus (ngawasa kana aturan tata tulis, saeutik kasalahan, tulisan kabaca) |
| | 5 | Alus pisan (ngawasa kana tata tulis, euweuh kasalahan, tulisan kabaca pisan) |

(Nurgiyantoro, 2018)

- c) Ngajén hasil lembar kerja *pretest* jeung *posttest* kalawan ngagunakeun rumus di handap.

$$PA = \frac{\Sigma \text{ skor}(a+b+c+d+e)}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.4
Kritéria Peunteun

| Tingkat | Nilai Konversi Skala | | Kualifikasi |
|---------|----------------------|----|--------------|
| | 0-4 | E4 | |
| 85-100% | 4 | A | Alus Pisan |
| 75-84% | 3 | B | Alus |
| 60-74% | 2 | C | Cukup |
| 40-59% | 1 | D | Kurang |
| 0-39% | 0 | E | Kurang Pisan |

(Nurgiyantoro, 2001)

- d) Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Kamampuh Nulis Carita Pondok Siswa

| No Respondén | Kamampuh Nulis Carita Pondok | | | | | | |
|--------------|------------------------------|---|---|---|---|---|---|
| | A | B | C | D | E | F | P |
| 1. | | | | | | | |
| 2. | | | | | | | |
| Σ | | | | | | | |
| X | | | | | | | |

Katerangan :

- A : Kasaluyuan téma jeug eusi
 B : Organisasi eusi
 C : Éjahan
 D : Diksi
 E : Makéna Basa
 F : Karapihan Tulisan
 Σ : Jumlah
 X : Rata-rata
 P : Peunteun

Tabél 3.6
Hasil Kamampuh Nulis Carita Pondok Saméméh Jeung Sanggeus
Ngagunakeun Modél *Writing Workshop*

| No Réspondén | Peunteun Kamampuh Nulis Carita Pondok Saméméh Ngagunakeun Modél <i>Writing Workshop</i> | Peunteun Kamampuh Nulis Carita Pondok Sanggeus Ngagunakeun Modél <i>Writing Workshop</i> |
|--------------|-----------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------|
| S-1 | | |
| S-2 | | |
| Σ | | |
| X | | |

3.8 Uji Sifat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Uji normalitas pikeun nangtukeun distribusi data, naha normal atawa henteu. Uji hipotésis tujuanana pikeun nangtukeun hipotésis mana nu ditarima jeung nu ditolak. Data anu dianalisis nyaéta hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun *software IBM Statistical Product and Service Solution (SPSS) versi 25*.

3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa henteu normal. Chen, spk (1968) ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nalika sampelna kurang ti 50 ($N < 50$). Nalik data atawa sampelna leuwih ti 50 ($N > 50$), ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*, ku sabab sampel datana aya 21 siswa. Léngkahna nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Klik *Variable View*, dina *name* tulis *hasil* jeung *kelas*, dina *decimals* ubah sakabéhna jadi 0, dina label tuliskeun *pretest* jeung *posttest*, nu séjénna *default*;
- 2) Klik *value*, eusi *value* 1 ku *pretest* jeung *value* 2 ku *posttest*;
- 3) Klik *Data View*, asupkeun data *pretest* jeung *posttest* nu geus disiapkeun saluyu jeung ngaran *variabel*;
- 4) Pilih *Analyze* dina menu SPSS, klik *Descriptive*, terus klik *explore*;
- 5) Asupkeun *variabel posttest* ka *Dependant* sedengkeun *pretest* kana *Independent*, klik *plots*, klik *Normality plots with test*
- 6) klik *continue*, klik *ok*;
- 7) Tutup *output* nu muncul tina program SPSS. Muncul uji normalitas *Shapiro-Wilk*.

Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H₀: distribusi normal

H₁: distribusi data teu normal

Kritéria :

Upama nilai Sig. ≥ 0.05 , Ho ditarima. Ha ditolak, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.

Upama nilai Sig. ≤ 0.05 , Ha ditarima. Ho ditolak, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal.

3.8.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dianalisis ku *software IBM SPSS versi 25*. Saupama hasil data nu uji distribusina normal, ku kituna éta data téh dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun statistik *paramétris* kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun saupama data anu diuji teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis *non-paramétris* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pair test*. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis kalawa ngagunakeun *uji Paired Samples Test*, nyaéta saperti ieu di handap.

1. Cara pikeun uji *paired samples t-test* nyaéta klik menu *analyze – compare means – paired samples T test*.
2. Saterusna asupkeun *pre-test* kana variabel 1 sedengkeun *post-test* kana variabel 2.

Rumusan hipotésis panalungtikan dina uji *Shapiro-Wilk*, nyaéta:

H₀ (Hipotésis nol) :Euweuh bédana anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok ka siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

H₁ (Hipotésis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok ka siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- a) Saupama nilai $\text{Sig.} \leq 0,05$ hartina H_1 ditarima H_0 ditolak. Aya béda nu *signifikan* antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.
- b) Saupama nilai $\text{Sig.} \geq 0,05$ hartina H_0 ditarima H_1 ditolak. Euweuh béda nu *signifikan* antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Writing Workshop*.